ku waajalal aji-xare ci yoonu Yàlla kooku xare na, ku wuutu aji-xare ci yoonu Yàlla ci yiw kooku xare na

Jële nañu ci Sayd ibn Xaalid yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "ku waajalal aji-xare ci yoonu Yàlla kooku xare na, ku wuutu aji-xare ci yoonu Yàlla ci yiw kooku xare na".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne ku waajalal aji-xare ci yoonu Yàlla jumtukaayi tukkeem ak yi mu aajowoo ci ay ngànnaay yu manut a ñàkk, ak waruwaay, ak ñam, ak ub dund ak yeneen; kooku àtteb aji-xare ji la am, te dina am yoolub way-xare yi. Ku wuutu aji-xare ci ay mbiram ci yiw, wuutu ko ci di sàmm njabootam ci jamono yi mu fàddoo kooku àtteb aji-xare ji la am.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3437